кўп кузатган. Ушбу олти кунни «аямовуз» деб аташган. «Аямажиз олти кун, олти ой қишдан қаттиқ (совуқ) кун» – деб бу ҳақида ёшларга қишнинг охирги олти куни қайтадан қиш бошлангандек даражада совуқ бўлиши мумкин, бунга эътибор бериб чорасини ўйлаб, иложини қилиш керак, «Қишнинг бир куни ҳам қиш» – деб ўргатган. Сўнгра Наврўз, баҳор, янги йил келиб, халқ ўзларининг деҳқончилик, чорвачилик ишларини янада жонлантиришни давом эттирган.

Шундай қилиб, халқ педагогикаси ёшларга табиат ҳодисаларини мукаммал билиб, ундаги ҳаёт учун, айниқса деҳқончилик, чорвачилик, об-ҳаво ва об-ҳаводаги физик хоссаларни ва бошқа зарур қоидаларни билиб боришни, улардан оқилона фойдаланишни, табиатдаги ўзгаришларни олдиндан тушуниб, ўзларининг ҳаёт тарзини тўғри йўналтириб боришга алоҳида аҳамият берган. Буларни ёшларнинг билиши лозим бўлган ақлий тарбиянинг катта бир соҳаси деб ҳисоблаган.

**Адабиётлар**


1. Давидович Е.А. Материалы по метеорологии средневековой Средней Азии. – М.: «Наука», 1970, –С. 83.
2. Жураев М. Ўзбеклар ойномаси. // Фан ва турмуш. – Т.: 1989. №12. 14 –15- б.
3. Комаров В.Н. Астрономия и мировозрение. – М.: 1987. –С. 114.
4. Мамадазимов М. Астрономия. Академик лицейлар ва касб-ҳунар коллежлари учун дарслик. – Т.: «Ўқитувчи», 2003, 86-б.
5. Қозыбаев Н. Ауаның мінез құлқы. // Зерде. – Алматы: 1989. № 8. 10 – 12 б.
6. Қарақалпақ фольклоры. 20-томлық. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары. – Н: «Қарақалпақстан», 1978. 4-том. 348-б.
7. Мўминов Ф. Об-ҳаво ва уни олдиндан айтиб бериш. –Т.: «Ўзбекистон», 1965. 37-б.
8. Әлеўов Ө., Жумабеков А. VI-VIII ғасырдағы түркі халықтарының тәлім- тәрбиелік ой-пікірлері. – Т.: «Фан», 2008. 44-б.
9. Бекимбетова А.А. Халқнинг ёшларга ақлий тарбия бериш анъаналари узлуксиз таълим тизимида. – Т.: «Истиқлол», 2009. 40- б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада халқ педагогикасида мавжуд бўлган деҳқончилик ҳақидаги тушунчалар, шунингдек, об-ҳавони аниқлаш, тажрибалари ва уларни ёшларга ўргатиш масалалари илмий таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается вопросам обучения молодёжи занятиям сельским и фермерским хозяйством в народной педагогике. Приводятся ценные рекомендации и советы по этим вопросам, а также по вопросу прогнозирования погоды.

**SUMMARY**

The article deals with the issues of teaching the youth to be occupied with agriculture and farming in national Pedagogics. There are given recommendations and advice on these issues as well as on learning to forecast weather.


## QARAQALPAQ TILI (MÁMLEKETLIK TIL) SABAǴÍNDA MASHQALALÍ TÁLIMNEN PAYDALANÍWDÍŃ BAZI BIR MÁSELELERI


**U.J.Jaksımova -** *filologiya ilimleriniń kandidatı*

*Tashkent informaciyalıq texnologiyaları universiteti Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** muammoli ta`lim, didaktika, oqitish jarayoni, oqitish texnologiyasi, muammoli vaziyat, leksikologiya.

**Ключевые слова:** проблемное обучение, дидактика, процесс обучения, обучение технологии, проблемная ситуация, лексикология.

**Key words:** the problem of teaching, didactics, process of teaching, teaching technology, problematic situation, lexicology.


Búgin jámiyet bilimlendiriwdiń aldına bilimli, intellektual hám arnawlı qábiletli áwladlardı tárbiyalawdı, olardıń bilimlerin maqsetke muwapıq tárizde rawajlandırıwdı wazıypa etip qoydı.

Áne usı wazıypalardı sheshiwde mashqalalı tálim texnologiyası jetekshi orın iyeleydi. Oqıtıwdıń bul texnologiyası studentlerdi aktiv pikirlewge úyretiw bolıp tabıladı.

Buniń ushın sabaq waqıtında studentlerge hár túrli sorawlar beriledi. Bul, másele qóyıp oqıtıw dep ataladı. Lekin, "másele" sózi grek tilinen "mashqala" dep awdarma islengen. Demek, "mashqala" sóziniń mánisi "másele" sózi mánisinen bir qansha tereńirek.

Didaktikada mashqalalı oqıtıw jańa baǵdar sıpatında XX ásirdiń 70-80-jıllarında júzege keldi. V.P.Bespalko, V.M.Klarin, Ya.I.Larner, A.M.Matoshkin, T.V.Kudryavcev, M.I.Maxmutov, O.V.Petrushinler mashqalalı oqıtıw nızamlıqların tereń úyrendi.

Oqıtıw procesinde qarama-qarsılıq payda bolǵan halattı S.L. Rubinshteyn mashqalalı jaǵday dep atadı [4]. Student oqıw (biliw) procesinde qarama-qarsılıqlarǵa dus kelse, onıń biliwge bolǵan qızıǵıwshılıǵı taǵıda artadı yaǵnıy motivaciya payda boladı. Máselen, Qaraqalpaq tili sabaǵında "Leksikologiya" temasın úyrengende Omonimiya menen sózlerdiń kóp mániliginiń parqı nede? degen soraw mashqalalı esaplanadı. Bul soraw studentti izleniwge hám oylanıwǵa umtıldırıp, student leksikologiya menen baylanıslı alǵan bilimlerin qıyalınan ótkerip, omonimler menen kóp mánili sózlerdiń uqsaslıq hám ayırmashılıq táreplerin sanasında talqılawǵa hám analiz etiwge háreket etedi hám mashqalanı sheshiw ushın tiyisli derekler ústinde islewge ózin májbúrleydi.

Qaraqalpaq tili sabaǵında mashqalalı oqıtıw halatın jaratıw - bul studentke máseleni usınıw forması bolıp tabıladı. Qaraqalpaq tili sabaǵın

oqıtıwdı shólkem-lestiriwde barlıq oqıw iskerligi pán oqıtıwshısı tárepinen mashqalalı halattı jobalı hám izbe-iz qoyıw bolıp, olardı studentler tárepinen oqıw háreketleri arqalı sheshiwden ibarat. Mashqalalı oqıtıw studentlerdiń talqılaw hám pikirlew procesinde ámelge asatuǵın talqı-sintetik iskerligine tiykarlanadı. Bul oqıtıwdıń biliw hám studentlerdiń dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa, sonday-aq olar tárepinen ózbetinshe iskerlik usılın iyelewge qaratılǵan evristikalıq izertlew túri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq tili sabaǵında mashqalalı texnologiyanı ámelge asırıw ushın:

- Qaraqalpaq tili sabaǵında eń aktual hám mánisli máselelerdi ajıratıw;
- oqıw procesiniń túrli kórinislerinde mashqalalı oqıtıw ózgesheliklerin anıqlaw;
- mashqalalı oqıtıwdıń kóp túrli sistemasın jaratıw tiyis.

Sonday-aq, oqıtıwshıda studentlerdiń aktiv biliw iskerligin shaqırıwshı hám baǵdarlawshı jandasıwlar bolıwı zárúr.

Studentlerdıń dóretiwshilik qábiletin qáliplestiriw ushın olardı bárqulla soraw beriwge umtıldırıw lazım. Máselen, "Leksikologiya" teması menen baylanıslı 1.Turaqlı sóz dizbeklerin naqıl-maqallardan qalay parıqlaymız?, 2.Termin sózlerdi kásiplik sózler menen shatastırıwǵa bolama?, 3.Dialekt sózlerdi qanday belgiler tiykarında ajıratamız?, 4.Aq, qara sózleri antonim bola alama? sıyaqlı sorawlardıń qanday payda bolıwın kórsetiw, sabaq aqırında qarama-qarsılıqlar ashıp beriliwi zárúr. Ataqlı polyak alımı V.Okon bılay dep jazadı: "Oqıtıwshılar izertlewshi ótken jóldı tańlawdı qanshama qálese, nátiyje sonshama jaqsı boladı"[3].

Mashqalalı oqıtıw tálim sıpatınıń jańa basqıshı bolıp, mashqalalı oqıtıw arqalı studentti óz pikirin aytıwǵa, onı qorǵawǵa hám básekilesiwge úyretiw múmkin. Házirgi dáwirde studentlerge maǵlıwmat hám usınıslardıń belgili toplamın beriw onshelli áhmiyetli emes, olardıń maǵlıwmatlardı óz betinshe alıwı hám óz bilimine aylandırıwı ushın anıq jandasıwlarǵa iye bolıwı áhmiyetli. Oqıtıw procesinde qarama-qarsılıq bólmasa tartıs ta, pikir almasıw da bólmaydı. Pikir almasıwsız bolsa, mashqalanıń sheshimi tabılmaydı. Sabaq procesinde bir-birine húrmet, isenim hám issheńlik ruwxı húkimdar bolıwı kerek. Student oqıtıwshınıń úyretiwge shın kewli menen umtılıp atırǵanın biliwi, onı ózine teń qarap atırǵanın dárriw seziwi zárúr. Bul oqıtıwda shaxs faktorın esapqa alıw, birge islesiw pedagogikasın qollanıw hám tálimdi demokratiyalastırıw menen tıǵız baylanıslı.

Bizge málim, mashqalalı tálimnıń maqseti "ilimiy biliw, bilimler sisteması nátiyjelerin ózlestiriw ǵana emes, bálkim natiyjelerge erisiw jolın da ózlestiriw" [2]. Bul studentlerdıń oqıw materialın ózlestiriwdegi aqılıy izleniwi dóretiwshi iskerliklerine xızmet etedi.

Qaraqalpaq tili sabaqlarında "Leksikologiya" temasın úyreniwde mashqalalı tálimnen paydalanıp ótkeriletuǵın ámeliy sabaqlarǵa tayarlanıwda tómendegiler jobalastırıladı:

1) úyreniletuǵın temanıń maqseti hám wazıypaları, onı mashqalalı tálim quralında úyreniw imkaniyatları;

2) temanı úyreniwde studentlerge beriletuǵın mashqalalı sorawlar yamasa tapsırmalar mazmunı;

3) studentlerdıń mashqalalı tapsırmalardı sheshiwge xızmet etiwshi aldıńǵı úyrengen bilim qorları;

4) mashqalalı tapsırmalardı sheshsiwge járdem beriwshi studentlerdiń kónlikpe hám bilimleri;

5) tapsırmalardı sheshiwge qanday kórgizbeli qurallar, ásbaplar kerek bolıwı;

6) mashqalalı tapsırmalardı sheshiw nátiyjesinde bilim hám kónlikpeleriniń shamalıq kólemi;

7) islengen jumıslar hám olardıń nátiyjelerinen qanday juwmaqlar shıǵarıw lazımlıǵı haqqındaǵı pikirler.

Haqıyqattan da, mashqalalı oqıtıw texnologiyası tálimnıń eń nátiyjeli usıllarınan bolıp, oǵan ilimiy bilimler tiykarında mashqalalı jaǵdaylar kirgizilip, oqıw materialı dástúriy formada bayan etiledi.

Qaraqalpaq tili sabaǵında "Leksikologiya" temasın úyreniwde mashqalalı oqıtıw procesinde oqıtıwshı, dáslep, mashqalalı jaǵday jaratadı, sorawlar qóyadı, máselelerdi, eksperimental tapsırmalardı usınıs etedi, mashqalalı jaǵdaydı sheshiwge qaratılǵan dodalawdı shólkemlestiredi, juwmaqlardıń durıslıǵın tastıyıqlaydı. Studentler aldıńǵı bilim hám tájiriybelerine tayanıp, mashqalalı jaǵdaydı sheshiw jolları haqqında oylaydı hám usınıslar kirgizedi. Aldın alǵan bilimlerin ulıwmalastırıp, hádiyselerdiń sebeplerin anıqlaydı, olardıń kelip shıǵıwın túsindiredi, mashqalalı jaǵdaydı sheshiwdıń eń qolay variantın tańlaydı.

Mashqalalı oqıtıwdıń mánisi sonda, studentler ózleri mashqalanı óz betinshe sheshiwge kirisiwi tiyis. Bilimlerdi mashgalalıg jol menen bayan etiw studentlerdiń dóretiwshilik imkaniyatların keńeyttiredi, óz pikirin erkin ayta biliwge úyretedi. Úyrenilip atırǵan bilimge qızıǵıwshılıǵı kúsheyedi [1].

Sol sebepli student ushın materiallar hám tapsırmalar sisteması sonday dúziliwi kerek, olar tiykarınan, óz betinshe pikir júritiwge hám úyreniwge qaratılıwı lazım.

"Leksikologiya" temasın úyreniwde mashqalalı ámeliy sabaqtı oqıtıwshı quramalı etip dúziwi kerek, student sanasında oqıw materialında berilgen oǵan tanıs emes bilimler haqqında sorawlar tuwılsın. Sol sebepli oqıw materialı oqıw mashqalası formasında beriledi. Studentlerdiń bilimin sáwbet hám sawallar arqalı aktivlestiriw maqsetinde beriletuǵın sawallar:

1. Basqa tillerden awısqan sózler sinonim bola alama?
2. Awızeki sóylewde ádebiy til normaların saqlaw ushın nelerge itibar beremiz?
3. Birikken hám birikpegen sózlerdi qanday ózgeshelikler tiykarında ajıratamız?

Bul sawallar negizinde belgili kelispewshiliklerdi atap ótiwshi hám bul kelispewshilikti anıqlawshı tálimiy másele logikalıq formada boladı. Kelispewshilikti sheshiwshi sorawǵa juwap belgisiz bolıp, onı anıqlawda student intellektual qıyınshılıqtı seziwi shárt.

Oqıtıwshı studentlerdi mashqalanıń aktiv sheshimi procesine tartqanda ǵana studentlerdıń óz betinshe dóretiwshi iskerligi marapatlanadı. Oqıtıwshı járdemshi sorawlardı qoyadı, studentlerdiń olardı dodalawına aktiv qatnasıwın támiyinleydi. Pikir almasıw baslanıwı qollap-quwatlanadı, temanı birgelikte pikirlewge tartadı hám ilimde sáwlelengen

anıq sheshim jolların kórsetip, mashqala sheshimine alıp keledi.

Qaraqalpaq tili sabaǵın mashqalalı oqıtıw pedagog hám studentlerdiń iskerligine baylanıs tárizde túrli dárejede bolıwı múmkin. Studentlerdiń mashqala sheshimi procesine qatnasıwı dárejesine qaraǵanda tálimnıń túrli dárejede mashqalalı shólkemlestiriliwi parıqlanadı. Birinshi dáreje oqıtıwshınıń usınday iskerligin kózde tutadi, bunda oqıw materialın bayanlawda onıń ózi mashqalanı tolıq ashadı jánede onıń sheshimi jolların ashıp beredi hám studentlerdi qarsı sorawlar járdeminde birge pikirlewge tartadı. Mashqalalı tálimnıń ekinshi dárejesi oqıtıwshı tárepinen mashqalanıń qoyılıwı hám dálillep beriliwine jol ashadı, keyin studentlerdi onıń sheshimin óz betinshe izlewge baǵdarlaydı. Úshinshi dáreje mashqalanı dálillemey, oqıtıwshı tárepinen mashqalalı jaǵdaydıń jaratılıwı hám studentlerdiń keyingi óz betinshe iskerligi kózde tutıladı. Mashqalalı oqıtıwdı shólkemlestiriwdiń tórtınshi dárejesinde oqıtıwshı izleniw tarawın belgileydi, mashqalaǵa “jaqınlastıradı”, lekin onı kórsetpeydi hám studentlerdi óz betinshe izleniwge baǵdarlaydı.

Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaq tili sabaǵında “Leksikologiya” temasın úyreniwde mashqalalı tálim texnologiyası studentlerdiń tálim procesindegi iskerliklerin asırıwǵa, olardıń sabaqlardı dıqqat penen tıńlap, oqıw materialın analizlew, salıstırıw, juwmaqlar shıǵarıw sıyaqlı aqılıy iskerlikleriniń rawajlanıwına járdem beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Allaniyazova Sh, Tan’irbergenov J. Qaraqalpaq tilin oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar. -N.: «Qaraqalpaqstan», 2015, 70- b.

2. Maxmudov M. Maktabda problemalı ta’limni tashkil etish. -T.: «O’qituvchi», 1981, 192- б.

3. Оконь В. Основы проблемного обучения. -М.: «Педагогика», 1968. -С. 174.

4. Рубинштейн С.Л. Основы обшей психологии. – Питер: 2006. -С. 713.

**REZYUME**

Maqolada ta`lim jarayonida muammoli ta`lim texnologiyasini qo`llash va uni qoraqalpoq tili (davlat tili) darslarida joriy etish masalalari, muammoli ta`limning maqsadi, darajalari va o`ziga xos nazariy asoslari aks ettirilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы применения образовательной технологии в проблемном обучении и их внедрение на занятиях по каракалпакскому языку (государственному языку), также описываются цели, уровни и особенности теоретической основы проблемного обучения.

**SUMMARY**

The article deals with the issues of using educational technologies in problem teaching at the lessons in «karakalpak language», the state language. The author also describes the aims, levels and peculiarities of theoretical bases of problem teaching.

## ОБЗОР МЕТОДИЧЕСКИХ ПОДХОДОВ В ОБУЧЕНИИ ИНОСТРАННОМУ ЯЗЫКУ

**Р.Х.Елмуратов** - *старший преподаватель*
**Н.Ж.Асенов** - *ассистент преподаватель*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

**Таянч сўзлар:** метод, ёндашув, когнитив, дедуктив, индуктив, аудиолингвиал.
**Ключевые слова**: метод, подход, когнитивный, дедуктивный, индуктивный, аудиолингвальный.
**Key words**: method, approach, cognitive, deductive, inductive, audiolingual.

В истории методики преподавания иностранных языков существуют различные подходы в обучении иностранным языкам. Термин «подход» к обучению (англ. approach – подход, подступ) был введён в научный обиход английским методистом А.Энтони для обозначения исходных положений, которыми пользуется исследователь относительно природы языка и способов овладения им. Будучи компонентом системы обучения языку, подход выступает в качестве самой общей методологической основой обучения, характеризуя существующие точки зрения на предмет обучения и возможности овладения им в процессе обучения. По мнению методистов, подход к обучению представляет собой точку зрения на сущность предмета, которому надо обучать, используется как самая общая методологическая основа исследования в конкретной области знаний, определяет деятельность исследователя, направленную на изучение того или иного явления.

Рассмотрим подход к обучению, основанный на психологии *бихевиоризма*. Основоположником данного подхода считается Б.Скиннер, который разработал систему принципов поведения человека в строго определённых условиях. Согласно данному подходу, на процесс обучения в первую очередь влияет окружающий человека мир. Бихевиоризм описывает обучение как операционально обусловленный процесс («операции» - различные варианты поведения человека), то есть процесс, в котором индивидуум реагирует на стимул определённым поведением. При этом положительная реакция преподавателя стимулирует у обучаемых самостоятельное выполнение определённого набора действий, а отрицательная реакция способствует отказу от них.

В противовес бихевиоризму был разработан *когнитивный подход*, авторами которого считаются Дж. Брунер и У.Риверс. Данный подход опирается на принцип сознательности в обучении и на теорию социоконструктивизма, согласно которой учащиеся являются активными участниками процесса обучения, а не объектом обучающей деятельности преподавателя. В зависимости от индивидуальных психологических особенностей и качеств личности у обучаемых формируется определённый путь познания, или когнитивный стиль, который влияет на выбор ими учебных стратегий.

Согласно когнитивному подходу, изучение того или иного лингвистического явления должно опираться на умственные процессы, лежащие в основе понимания и использования этого явления в речи. Обучение языку не сводится только к вос-